

**THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA
DIVISION OF CURRICULUM & INSTRUCTION/STUDENT SUPPORT**

**LIS DOKIMAN NESESÈ POU ENSKRIPSYON ELÈV
KINDÈGADENN RIVE DOUZYÈM ANNE
(Checklist For Registration And Enrollment Of Students K-12)
(School Board Policy 5.1 amended 5/6/03)**

NÒT: Si, apre investigasyon legal, yo jwenn yon paran te itilize fo ransenyman pou enskri yon elèv nan yon lekòl ki pa lekòl li dwe ale a, y-ap retire elèv la nan lekòl li ye a epi mande pou l al enskri nan vrè lekòl li imedyatman.

PRÈV KOTE OU RETE (Domisil)

Yon pyès sou youn nan bagay sa yo sou non manman oswa papa oswa responsab legal kap enskri timoun nan:

- Bòdwo telefòn oswa elektrisite sou non moun kap enskri timoun nan.
- Resi lwaye ak non pwopriyetè kay la epi ransenyman pou yo pran kontak avè l/papye ipotèk (mògej).
- Kontra lwaye ak non pwopriyetè kay la epi enfòmasyon pou yo jwenn avèk li.
- Kontra ipotèk (mògej).
- Kontra pou achte kay ak dat ekzat w ap siyen kontra a (klozig), epi w ap gen jou pou-ou pote kontra notarye ya ("deed").

EPI

Youn nan papye sa yo:

- Asirans machin.
- Lisans aktyèl eta Florid oswa kat didantite eta Florid.
- Bòdwo telefòn pòtab/selilè.
- Rapò kat kredi.
- Kont anbank.
- Konfimasyon Lapòs Etazini pou chanje adrès oswa korespondans Sèvis Lapòs Etazini delivre lakay ou.
- Fòm Deklarasyon Domisil ki soti lan Depatman "County Records".

Si lè wap enskri elèv la ou pa kapab founi prèv kote ou rete jan yo mande l pi wo a, elèv la kapab rantre lekòl si ou pote dokiman sa yo:

- Yon deklarasyon domisil notarye an tout bòn fwa ki gen siyati paran/responsab legal la. Ou **DWE** bay bonjan prèv domisil, dapre sa ki anwo yo, nan trant jou.

Lè se kay yon lòt moun ki rete nan zòn lekòl la manman oswa papa oswa responsab legal la abite, yo dwe prezante:

- Yon deklarasyon domisil notarye an tout bòn fwa paran/responsab legal epi pwopriyetè oswa lokatè kote yo rete-a, dwe siyen.
- Nenpòt nan prèv yo mete anwo a sou non pwopriyetè oswa lokatè kap siyen deklarasyon domisil notarye an tout bòn fwa a.
- Anplis, paran gen 30 jou lekòl pou li pote yon lòt prèv nan lis dokiman ki anwo-a.

PRÈV LAJ

- Batistè ofisyèl.

Si nou pa kapab founi batistè a, prèv sa yo akseptab:

- Yon kopi sètifye sètifika batèm oswa prezantasyon nan tanp ki endike dat elèv la fèt ak tout afidavid deklarasyon sou sèman manman/papa elèv la fè devan notè.
- Papye asirans devi ti moun nan ki an vigè depi omwens dezan
- Yon paspò oswa yon dokiman ofisyèl lè ti moun-nan te rantre Etazini ki montre laj li. (Yo pap admèt pou fè fotokopi paspò-a oswa nenpòt ki pati paspò-a ni yo pap asepte-l kòm dokiman)

- _____ Dosye ofisyel lekòl ki montre timoun nan te ale lekòl pandan katran.
- _____ Yon afidavid deklarasyon sou sèman paran an fè devan notè akonpaye ak sètifika ofisyèl depatman sante a ki di yo kwè timoun nan gen laj pou l ale lekòl.

PRÈV EGZAMEN MEDIKAL

- _____ Elèv kindègadenn rive douzyèm ane kap rantre lekòl pou premye fwa lan eta Florid la dwe montre prèv egzamen medikal yo te fè pa plis pase douz mwa anvan dat yo vin enskri lekòl la.
- _____ Paran yo dwe bay lekòl la yon lèt ki eksplike nenpòt pwoblèm sante/medikal ki merite pou manm pèsonèl lekòl la okouran epi/oswa mande sipèvizyon pou pitit yo.
- _____ Fòm pou tretman medikal, si l nesèsè.

PRÈV VAKSEN

- _____ Sètifika Vaksen Eta Florid sou Fòm DH 680 (Form DH 680)
- _____ Yon sètifika medikal pèmanan ki egzante elèv la (nan ka yo pa konseye timoun nan pran sèten vaksen oswa tout).
- _____ Sètifika relijye ki egzante elèv la (Fòm 681), yon sètifika tanporè (Fòm DH 680 Pati B) Yon sètifika medikal ki egzante elèv la (Fòm DH 680, Pati C)

PRÈV MOUN KI RESPONSAB LEGAL ELÈV LA

Si elèv la rete ak yon moun ki pa manman l oswa papa l oswa responsab legal li, men sa ki ta dwe fèt:

- _____ Si paran/responsab legal la **rete nan limit twa kaounti sa yo** ("Dade, Broward, oswa Palm Beach), paran an dwe founi dokiman ki soti lan yon ajans leta apwopriye tankou " Department of Children and Families", oswa tribinal, ki di kilès ki responsab timoun nan. Gen aplikasyon pou moun ki responsab timoun tanporè (Temporary Custody of Minor Children by Extended Family) nan ofis "Family Unit" nan tribinal ("Broward County Court House") chanm 248.
- _____ Si paran/responsab legal la **pa rete nan limit twa kaounti sa yo** (menm si se lan yon lòt peyi), paran/responsab la dwe founi yon dokiman notarye ki deklare moun ki responsab pou okipe timoun nan.
- _____ Si paran/responsab legal la **rete nan limit twa kaounti sa yo epi elèv la ap viv nan yon domisil "Department of Children and Families" sètifye**, elèv la ka enskri nan lekòl ki sèvi domisil sètifye sa a.

ENFÒMASYON POU KA IJANS

- _____ Kat enfòmasyon pou ka ijans pou ranpli lè enskripsyon an (NÒT: Sèlman paran/responsab legal ki siyen fòm enskripsyon an kab chanje enfòmasyon sou kat enfòmasyon pou ka ijans la.

DOSYE LEKÒL (Si genyen)

- _____ Dènye kanè eskolè avèk/oswa relve nòt ki nesèsè pou yo konnen nan ki klas timoun nan prale.

Pou plis enfòmasyon rele biwo enskripsyon nan lekòl ki sèvi zòn ou an.